# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ТУРИЗМ ТАРМАҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ

**Кайпова М.Д**

Қарақалпақ мәмлекетлик университети

kaipovamalika5@gmail.com

***АННОТАЦИЯ***

*Бул илимий мақалада Қарақалпақстанда туризмди раўажландырыў перспективалары ҳәм оның халық хожалығында тутқан орны жаңа материаллар тийкарында үйренилген. Бүгинги күнде туризмниң мәмлекет экономикасының драйвер тармағына айланып баратырғанлығы ҳәм де регион халқының социаллық-экономикалық турмысы дәрежесиниң жақсыланыўында үлкен әҳмийетке ийе екенлигине тоқталып өтилген. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2023-жыл 28-февралдағы "2022-2026 жылларға мөлшерленген Жаңа Өзбекстанның Раўажланыў стратегиясын "Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы"нда әмелге асырыўға тийисли Мәмлекетлик бағдарлама ҳаққында"ғы ПФ-27-санлы Пәрманы ҳәм де 2023-жыл 26-апрелдеги "Республиканың туризм потенциалын жедел раўажландырыў ҳәм де жергиликли ҳәм шет ел туристлер санын және де асырыўға тийисли қосымша илажлар ҳаққында" ғы ПҚ-135-санлы Бийлиги орынланыўы шеңберинде Қарақалпақстан Республикасының туризм потенциалын 2022-2026 жылларда раўажландырыў мақсетли көрсеткишлери белгилеп берилди ҳәм бул жөнелисте жумыслар әмелге асырылып атыр. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы Туризм ҳәм мәдений мийраслар министрлиги тәрепинен мәмлекетимиз ҳәм шет ел саяхатшылар ағымын көбейтиў бойынша кең көлемли жумыслар әмелге асырылып атыр. Атап айтқанда, саяхатшылық объектлери инфраструктурасы раўажланып, саяхатшылар жөнелис бағдарлары бойлап ири автомобиль жоллары бойлап санитария-гигиена пунктлери саны көбеймекте. Туристлер ушын турар жайлар көбеймекте: ири мийманханалар, жатақханалар ҳәм шаңараққа тийисли қонақ үйлери менен бир қатарда жаңа туристик жөнелислер ислеп шығылып атыр.*

***Гилт сөзлер:*** *Зыярат туризми, туроператор, Мойнақ, Қабақлы ата, Шиблий ата, Азизлер баба, Тоқмақ ата, Дауыт ата, Хаким ата.*

**_ABSTRACT_**

*In this scientific article, based on new materials, examines the prospects for the development of tourism in Karakalpakstan and its role in the national economy. Of great importance in increasing the socio-economic standard of living of the region's population is the fact that today tourism is becoming a driver of the country's economy.*

*PF-27 of the President of the Republic of Uzbekistan dated February 28, 2023 "On the State Program for the Implementation of the New Uzbekistan Development Strategy for 2022-2026 in the Year of Attention to People and Quality Education" Development of the tourism potential of the Republic of Karakalpakstan in 2022-2026 within the framework of the implementation of Decree No. target indicators have been determined and work is being carried out in this direction. Currently, the Ministry of Tourism and Cultural Heritage of the Republic of Karakalpakstan is carrying out large-scale activities to increase the flow of tourists from our country and abroad. In particular, the infrastructure of tourist facilities is developing, and the number of sanitary-hygiene points is increasing on major highways along tourist routes. Shelters for tourists are increasing: along with large hotels, hostels and family guesthouses, new tourist destinations are being developed.*

***Key words:*** *Pilgrimage tourism, tour operator, Muynak, Gabakly ata, Shibliy ata, Azizler baba, Tokmak ata, Daut ata, Hakim ata.*

**КИРИСИЎ:** Бул илимий мақалада Қарақалпақстанда туризмди раўажландырыў перспективалары ҳәм оның халық хожалығында тутқан орны жаңа материаллар тийкарында үйренилген. Бүгинги күнде туризмниң мәмлекет экономикасының драйвер тармағына айланып баратырғанлығы ҳәм де регион халқының социаллық-экономикалық турмысы дәрежесиниң жақсыланыўында үлкен әҳмийетке ийе екенлигине тоқталып өтилген. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы Туризм ҳәм мәдений мийраслар министрлиги тәрепинен мәмлекетимиз ҳәм шет ел саяхатшылар ағымын көбейтиў бойынша кең көлемли жумыслар әмелге асырылып атыр. Атап айтқанда, саяхатшылық объектлери инфраструктурасы раўажланып, саяхатшылар жөнелис бағдарлары бойлап ири автомобиль жоллары бойлап санитария-гигиена пунктлери саны көбеймекте. Туристлер ушын турар жайлар көбеймекте: ири мийманханалар, жатақханалар ҳәм шаңараққа тийисли қонақ үйлери менен бир қатарда жаңа туристик жөнелислер ислеп шығылып атыр. Қарақалпақстанда туризм саласында әмелге асырылып атырған қурылыс жумыслары ҳаққында айтқанда, бул процессти санлар менен көрсетиў керек. Бүгинги күнде республикада 45 саяхатшылық кәрханасы, 86 туристлик жайластырыў мәканы, соннан 33 мийманхана, 36 шаңараққа тийисли қонақ үйи ҳәм 17 жатақхана бар.

Саяхатшыларды тасыў ушын 11 микроавтобус, 45 жол таңламас ҳәм 12 квадроциклден пайдаланылады. Республикада 200 ден артық объектлер, атап айтқанда, халық өнерментлери устаханалары - өнерментлер, музейлер, дем алыў бағлары, аквапарклар ҳәм басқа дыққатқа ийе орынларға хызмет көрсетиўши 25 гид ҳәм аўдармашы искерлик жүргизеди. Кейинги жылларда республикамызда диний (зыярат) орайларға болып атырған итибар, уллы алымларымыздың мийрасларын үйрениўге қаратылған илажлар буларға мысал бола алады. Қарақалпақстанның диний (зыярат) орайларының аймақ туризм раўажланыўындағы әҳмийети үлкен болып, Республика ҳәм қоңсылас Түркменистан ҳәм Қазақстан саяхатшыларын мудамы қызықтырып келип атыр. Аймақтағы туристлик кәрханалар өз туристлик өнимлерин елимизге келген туристлерге усынып атыр, бирақ еле де пайдаланылмай атырған мүмкиншиликлеримиз бар. Аймақта туризмди раўажландырыўда жаңа диний (зыярат) объектлердиң анализине келсек. Ғәрезсизликтен кейин журтымызда алып барылған мақбараларды реставрациялаў жумыслары ҳәм жаңа зыярат объектлериниң қурылыўы буларға мысал болып табылады. Қарақалпақстан аймағында жүдә көплеп алымлар, диний уламалар жетисип шыққан. Биз мақаламызда олардан айырымларына тоқталып өтпекшимиз. Пүткил Орта Азия ҳәм араб дүньясында атақлы Султан Увайс Караний тарийхта болған шахс ҳәм оның жасаған дәўири VII әсирге туўры келеди. Қәбирлери Беруний районы аймағындағы Султан Вайс баба мазарында жайласқан. Султан Увайс қәбирине 998-жылы Султан Мухаммад Хорезмшах тәрепинен дәслепки рет мақбара қурылады.

**ӘДЕБИЯТЛАР АНАЛИЗИ ҲӘМ МЕТОДОЛОГИЯСЫ:** Биз Қарақалпақстан аймағындағы муҳаддес зыярат орынлары ҳаққындағы мағлыўматларды топлаўда Өзбекстан Қаҳарманы, белгили археолог алым, профессор Ғайратдийин Хожаниязов ҳәм белгили тарийхшы устаз Оңғарбай Юсуповлардың авторлығында 1994-жылы баспадан шыққан «Қарақалпақстанда муҳаддес орынлар» китабынан пайдаландық.

**НӘТИЙЖЕЛЕР:** Зыярат туризми Қарақалпақстанның саяхатшылық бағдарларынан бири болыўы мүмкин ҳәм түрли тарийхый-мәдений мийраслар, дәстүр ҳәм этнографиялық материаллар Уллы жипек жолы кесиспесинде жайласқан Аралбойы халықларының көркем өнерге байланыслы мийраслары есапланады. Бүгинги күнде аймақта туризм саласында зыярат туризм бағдарында да кең қамтылған жумыслар системалы жүргизилип атыр. Атап айтқанда, зыярат туризми бағдарында 10 объект туристлик жөнелиске киритилген. Ғәрезсизлик тарийхымызды қайта тиклеў, мәдений, руўхый мийрасларымызды сақлап-абайлаў, оларды келеси әўладқа зәлелсиз жеткизиў имканиятын берди. Мысалы,

2022-жылда Сулайман Бақырғаний (Ҳәким ата) ның 900 жыллық юбилейи мүнәсибети менен Мойнақ районындағы Сулайман Бақырғаний (Ҳәким ата) мақбарасы оңланып, олардың әтирапы абат жерлерге айландырылды. Бул жерде 2019-жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университети тарийх факультети профессор-оқытыўшылары ҳәм студент жаслары археологиялық дала әмелиятына қатнасып келмекте

**ДОДАЛАЎ:** Қарақалпақстан аймағында зыярат туризмин раўажландырыўда Бухарадағы жети пир зыяраты сыяқлы Султан Баба, Наринжан баба, Қабақлы ата, Шыблый ата, Әзизлер Баба, Даўыт ата, Ҳәким ата мақбараларын еле де ишки ҳәм сыртқы туристлер ушын зыярат орны сыпатында кеңнен үгит нәсиятлаўымыз керек. Олардың маргшрутлары исленип шығылыўы тийис ҳәм кең түрде реклама етилиўи зәрүр. Кейинги жылларда экономиканың басқа тармақлары қатары туризм тараўы да тез раўажланып атыр. Мәмлекетте ишки туризмди ғалабаластырыў бойынша жойбарлар әмелге асырылып атыр, мәмлекет тәрепинен Өзбекстанға шет ел саяхатшылар ағымын көбейтиў илажлары көрилмекте. Сол көз-қарастан, Қарақалпақстан Республикасында экотуризм потенциалын раўажландырыў зәрүрли әҳмийетке ийе. Кейинги жылларда экономиканың басқа тармақлары қатары туризм тараўы да тез раўажланып атыр. Мәмлекетте ишки туризмди ғалабаластырыў бойынша жойбарлар әмелге асырылып атыр, мәмлекет тәрепинен Өзбекстанға шет ел саяхатшылар ағымын көбейтиў илажлары көрилмекте. Сол көз-қарастан, Қарақалпақстан Республикасында экотуризм потенциалын раўажландырыў зәрүрли әҳмийетке ийе. Арқа регион өзиниң бай тарийхы ҳәм мәдений мийраслары менен туристлер ағымын тарта алады. Усының менен бирге, жақын жүзден аслам мәдений мийраслар, археологиялық, тарийхый естеликлеримиз, усы ўақытта аймағы экологиялық кризис аймағына айналған Арал теңизи де жәҳән жәмийетшилигиниң дыққатын өзине тартып атыр. Бул бағдардағы экотуризм Арал бойының туризм потенциалын үгит нәсиятлаўшы факторлардан бирине айланып атыр.

**ЖУЎМАҚ:** Жуўмақлап айтқанда аймақта туризмди жетилистириўде диний зыярат орайларынан нәтийжели пайдаланыў келешеклери де актуал әҳмийетке ийе. Туристлик жөнелислерди жаңа дереклер менен байытыўда диний (зыярат) орайлардан пайдаланыўдың түрли комбинацион жолларды излеп табыў айрықша әҳмийетке ийе болады. Бунда туристлик кәрханаларда диний (зыярат) объектлерден пайдаланыўдың нәтийжеси үлкен болады. Аймақтағы туристлик мәкемелер тәрепинен ислеп шығылған туристлик хызметлерде диний зыярат бағдарындағы жөнелислер, бағдарламалар сыяқлы мәселелер усы тема шеңберинде үйренилиўин мақсетке муўапық,- деп ойлаймыз.

Қарақалпақстанның қубла районлары Төрткүл, Беруний, Елликқала районларына туристлердиң келиўи сол районларда жайласқан «Аязқала», “Қыят”, “Жанбасқала”, “Қойқырылған қала”, “Үлкен Гулдирсин”, “Топыраққала”, “Үлкен Қабатқала” археологиялық естеликлерине жақын арада үлкен унамлы ислерди баслаўшы болады. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш. М. Мирзиёевтың 2022-жыл 23-24 февраль күнлери Қарақалпақстан Республикасына сапары даўамында берилген тапсырмалар ҳәм 25-февраль күни өткерилген 16-санлы жыйналыс баянатына муўапық Ҳаким ата - Сулайман Бақырғаний туўылыўының 900 жыллығына арналған халық аралық конференция, соның менен бирге Мойнақ районына шет ел саяхатшылар ағымын көбейтиў, әсиресе ишки туризмди раўажландырыў мақсетинде быйылғы жылда “Арал ҳәм Мойнақтың қайта тиклениўи” халық аралық сүўретшилер ҳәм дөретиўшилер фестивалы ҳәм де “Арал балықларынан 99 қыйлы тағам” гастрономик фестивалын өткериўди шөлкемлестириў ўазыйпасы белгиленген. Усы тапсырмалар орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 10-сентябрдеги 89-санлы жыйналыс баянаты тастыйықланды. Илажға таярланыў мақсетинде Ҳаким ата - Сулайман Бақырғаний зыярат орны әтирапы абаданластырылып Сулайман Бақырғаний турмысы ҳәм дөретиўшилиги соның менен бирге конференция өткерилиўи ҳаққындағы видеороликлер таярланды, тарқатпа материаллар, лекциялар комплекси баспадан шығарылды.

## ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ:

1. Мирзиёев Ш.М.Маънавият бошқа соҳалардан олдинда юриши, янги кучга, янги ҳаракатга айланиши керак.www.prezident.uz
2. ҚРОМА Р-678 фонд, 1-дизим, 1-ис, 83 бет
3. ҚРОМА Р-515 фонд, 1-дизим,1-жумыс, 464-бет.
4. Сулайманов С.А.Орол денгизи ва Амударё сув йўллари тарихи(XIX асрнинг 70-йиллари- XX асрнинг 80-йилларининг биринчи ярми), Нукус «Lesson press», 2022, 230 б.
5. Юсупов О. Шиблий Ата ҳаққында/ Қарақалпақстан жаслары, 1993-жыл 11-сентябрь.

**Журналлар**

1. Ходжаниязов.Г. Норинжон қалъаси ва Норинжон бобо мажмуаси// Tamaddun nuri, №2. 2018.

2. Хакимниёзов Ж., Толыбаев М. 2022 йилда Сулаймон Боқирғоний мемориал мажмуасида олиб борилган археологик тадқиқотлар//O‘ZBEKISTONDA ARXEOLOGIK TADQIQOTLAR 2022-yil 15-son, 326-327 б;
3. Кощанов Б.А., Хакимниязов Ж. Каракалпаки на перекрестке Великого Шелкового пути//Буюк Ипак йулининг ўтмиши ва ҳозирги куни: ривожланиши нинг ижтимоий-маданий, тарихий, сиёсий ва иқтисодий йуналишлари. Халқаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. Тошкент шарқшунослик институти. Тошкент, 25 март 2013 й.
4. Сулайманов С.А. Ҳаким ота Сулаймон Боқирғонийнинг илмий ва маънавий мероси// Ҳаким ота Сулаймон Боқирғоний таваллудининг 900-йиллигига бағишланган ҳалқаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. Нукус «Илим» 2022, 130-131 б.
5. Алимбетов А.К. Саяҳат ҳәм елшиликтиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы ҳаққында//Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний туўылғанының 900 жыллығына бағышланған халық аралық илмий-әмелий конференция материаллары топламы, 29-30 сентябрь, Нөкис «Илим»,2022, 149-150 бетлер.
6. Айымбетов Н.К. Развитие туризма в Республике Каракалпакстан//Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний туўылғанының 900 жыллығына бағышланған халық аралық илмий-әмелий конференция материаллары топламы, 29-30 сентябрь, Нөкис «Илим»,2022, 143-144 бетлер.
7. Сулайманов С.А. Қарақалапақстан Республикасында тарийхый-этнографиялық туризмди раўажландырыў перспективалары// ҚМУ Хабаршысы, №2(35) 2017.- 127-129 б.
8. Айымбетов Н.К. Развитие туризма в Республике Каракалпакстан//Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний туўылғанының 900 жыллығына бағышланған халық аралық илмий-әмелий конференция материаллары топламы, 29-30 сентябрь, Нөкис «Илим»,2022, 143-144 бетлер.

**Еки ҳәм оннан артық авторлар**

1. Ходжаниязов Г., Юсупов О. Қарақалпақстандагы муҳаддес орынлар. – Нөкис: Полиграфист, 1994. 40 бет
2. Ходжаниязов Г., Юсупов О., Каландаров У. Жанубий Орол бўйи ҳудудидаги муқаддас жойлар: тадқиқотлар ва натижалар// «Илим ҳәм жәмийет». №3 2014;